# ЭТНОГРАФ Х.ЕСБЕРГЕНОВ МИЙНЕТЛЕРИНДЕ ШАҢАРАҚ ҲӘМ НЕКЕ МӘСЕЛЕСИ

Embergenov Turdibek Erejepbayevich
Qaraqalpaq Mamleketlik Universiteti “Etnografiya, etnologiya ham antropologiya qanigeliginin 2-kurs magistranti

**Аннотация:**
Мақалада Қарақалпакстанлы атақлы этнограф Х.Есбергенов мийнетлеринде шанарак ҳәм неке мәселелри хаққында жазылған. Дала изертлеўлери даўамында топланған материалларының анализи тийкарында ол аўқам дәўириндеги идеология тәсиринде өзгериске ушыраған мәресимлерди анализлейди.Алымның айтыўынша, өзгерислер тек ғана шаңарақта өткерилетуғын мәресимлерге тәсир етип қалмастан,неке формаларының жана турлери пайда болыўына тийкар болған.

**Таяныш сөзлер:** қарақалпақлар, шаңарақ, мәресим, неке формалары, «Жаслай қуда»

**Annotation:**
The article covers family and marriage issues in the works of the famous Karakalpakstan ethnographer H. Esbergenov. Based on the analysis of the materials collected during the field research, he analyzes the changes in family rituals that took place under the influence of the Shura era. The scientist said that the changes affected not only family rituals, but also new forms of marriage.

**Key words**: family, ceremony, marriage forms, "Jaslay kuda"

**Аннотация:**
Мақолада атоқли Қорақалпоғистонлик этнограф Х.Есбергенов асарларида оила ва никоҳ масалалари ёритилган. Дала тадқиқотлари давомида тўпланган материаллар таҳлили асосида у шўролар даври таʼсирида рўй берган оилавий маросимлардаги ўзгаришларни таҳлил қилади. Олимнинг таъкидлашича, ўзгаришлар нафақат оилада ўтказиладиган маросимларга таъсир қилди, балки никоҳнинг янги шакллари пайдо бўлди.

**Таянч сўзлар:** қорақалпоқлар, оила, маросим, никоҳ шакллари, янгиликлар

Халқымызда инсанның қандай екенлиги, онық өзин тутыўы, тәрбияси, минез-қулқы шаңарағына болған мүнәсебети менен баҳаланади. Бул болса оның жәмийетте өз орнын табыўында әҳмийетли орын тутады. Шаңарақта жазылмаған сондай нызам-қағыйдалар

бар, олар неше әсирлер даўамында ата-бабаларымыздан әўладтан-әўладқа өтип киятир. Шаңарақ хәр бир халықтың, миллеттиң, даўам етиў ўақтын сақлаўшы, миллий қәдириятлардың раўажланыўын тәмийинлейтуғын руўхый хәм физикалық бәркәмал әўладты дүньяға келтирип тәрбиялайтуғын муқаддес мәкән есапланады.

"Шаңарақ" сөзи көпшилик инсанларда хәр қыйлы ассоциацияларды "жақын инсанларды", " бирге жасаўшы туўысқанлар топарын", "бахытлы ата-ана, әжаға,әжапалар"ды, "бир бирин суйиўши ерли-зайыплылар аўқамын", "меҳир-ақыбетли инсанлар топарын",пайда етип, олар "ҳеш ўақытта бирин-бири сатпайтуғын, қоллап-қуўатлайтуғын инсанлар" екенлиги бизге мәлим.

Солай екен, қарақалпақ этнография илиминде «үйлениў» яки «неке» тойы мәселелери менен бир қанша этнограф илимпазлар шуғылланған болып, олардан биринширлерден: У.Кусекеев (Кусекеев:1934), А.Бекмуратова (Бекмуратова: 1969), Х.Есбергенов, Т.Атамуратов (Есбергенов, Атамуратов:1975), Р.Камалова (Камалова:1996)лардың мийнетлеринде қарақалпақларда неке жасы, той күнин белгилеўдеги ырымлар, некениң дүзилиўи, кудалық, сарпай хәм басқада миллий дәстүрлеримиз ҳаққында қунлы мағлыўматларды береди. Х.Есбергеновтың (Есбергенов:1983) жане бир мийнетинде той басланыўы алдынан қоңсылар арасында шөлкемлестириўшилик мәселелери, «той кеңеси», «той хабаршысы» келер қонақлардың күтилиўи, оларды жайғастырыў, қоңсы ҳаяллар тәрепинен нан, баўырсақтың писирилиўи, ер адамлар болса тойдың сойыслығын таярлап, писирилетуғын аўқаттың гөшин таярлаў сыяқлы өз-ара той алды жумысларының бөлистирилиў мәселелерине тоқталады.

Қарақалпақларда жаслардың турмыс қурыўы, жаңа өмирге қәдем қойыўы сыяқлы дәстүрий үрп-әдетлеримиз халқымыз турмысында жақсы сақланып қалған. Неке хәм неке шәртлери, жаслар арасында некениң дүзилиўи сыяқлы мәселелер менен этнограф Х.Есбергенов хәм Т.Атамуратовлардың биргеликте жазып баспадан шығарған шығармасында қала орталығындағы неке формаларын анализ етеди.

Демек, Х.Есбергенов хәм Т.Атамуратовлардың изертлеўлерине қарағанда, қарақалпақлар арасында турмыс қурыўдың әдеттегидей жасы 15-17 жас деп есапланған. Айырым қалаларда, Шымбай, Беруний хәм басқа қалаларда неке жасы 18 жастан 22 жасқа шекем болған. Бул ҳәдийсе соның менен түсиндириледи, алдын қалаларда тийкарынан саўдагерлер хәм өнерментлер жасап, материаллық аўҳалы жағынан олар дийханларға қарағанда жүдә жақсы жасаған. Олар балаларына өнерментшиликти үйретиўге ҳәрекет етти, оларға өз кәсиплерин үйретиў имканиятына ийе болды. Олар оқыған қалалардың қала халқы арасында (жас бойынша) тең болмаған некелер дийерли жоқ еди.

Изертлеўши Қарақалпақстан қалаларында неке жасын үйренер екен, оның бурынғы Аўқам нызамшылығы менен тәртипке салынғанлығын, қалаларда болса ул балалар ушын 23 жасқа шекем, қызлар ушын 18-22 жасқа шекем көретелгенлигин атап

көрсетеди. Бул ҳәр қандай жағдайға қарсы, биз оқыған қалаларда (Нөкис, Шымбай, Беруний) техникумлар, колледжлер, жоқары оқыў орынлары ҳәм басқа арнаўлы оқыў орынларының барлығы, көплеп жигит-қызлардың орта мепктепти питкергенинен соң, белгили бир кәсипке ийе болыў ушын түрли курсларда, техник мектеплерде ҳәм басқаларда оқыўын даўам еттириўге ҳәрекет еткен.

Алдынлары қарақалпақлар арасында тойлар жылдың белгили бир мәўсимлерине туўры келген. Әдетте той жаз ҳәм гүзде болып өтти, бирақ той сапар айына туўры келмеслиги ҳәм «ораза» күнлерин есапқа алып белгиленер еди. Қарақалпақларда некениң бир нешше түрлери болған:

1. «Ақлай қуда»- ата-аналар туўылмаған балаларын некеге алыў ҳаққында келисип алады; бундай келисимге ата-аналардың шаңарақлық ҳәм дослық қатнасықлары келешекте перзентлериниң шаңарақларына тәсир етиўдеги қәлеўлери себеп болған.

2. «Жаслай қуда»- балалар туўылғанынан көп өтпей балалығында жүз беретуғын жағдай; бунда жигиттиң ата-анасы қыздың үйине келип, улының қызы менен келешекте турмыс қурыўы ҳаққында қыздың ата-анасынан ыразылығын сораған. Қыздың атаанасы ҳәм ағайин-туўысқанларының разылығы болса, күйеў тәреп келин тәрепке «қарғы баў» (сөзбе сөз мәниси жаға кийиў) деген саўғаларды береди. Қарғы баў сыпатында әдетте, келинниң туўысқанларына саўын сыйыр берилген, саўып ишиўи ушын.

Базыда бундай келим менен рәсмий түрде «пәтия» қолланылған, бул нанның дәстүрий көринисте сындырылыўы менен белгиленген. Сол ўақыттан баслап қыз атастырылған деп есапланған, соның ушын қыздың ата-анасы енди қызын басқа адамға турмысқа бериўге ҳақылы емес еди. Орта Азия ҳәм Қазақстанннның басқа халықларында бесиктен қуда болыў бар болғанда да соған уқсас қуда болыў түрлери бар еди.

3. Ер жеткен балаларға үйлениў ушын қуда түсиў (дәстүрий неке дәстүрлери шеңберинде). Буннан тысқары, қарақалпақларда алып қашыў-қыз урлаў некеси де болған. Бул қыздың разылығы менен де, оның разылығысызда әмелге асырылған.

Соны айрықша атап өтиў керек, қарақалпақларда некениң бул формасы авторлар өз изертлеўлери менен шуғылланған өткен әсирдиң 70-жылларын да кең раўажланбаған еди.

М.О.Косвен алғашқы жәмийеттеги неке формаларын үйренер екен, төмендегише өз пикирлерин баян етеди: «Матрилокал шаңарақлар пунктинде ҳаялларды урлаў ҳаққында айтыўдың кереги жоқ. Патрилокаллыққа өтиў менен, урлаў туўысқан ҳаяллар болғанында ямаса оның өзи дәстүрий матрилокаллықты бузыўды қәлемегенинде жүз бериўи мүмкин еди. Бирақ бул жағдайларда, урлаў көбирек урланған шахстың ыразышылығы менен жүз берген.Қалай болмасын этнографиялық мағлыўматлар бизди некениң бул усылы тек қалеў менен ҳәм кең тарқалмағанлығына исендиреди»(Косвен 1957: 134-135).

Этнографлардың пикиринше, егер ата-анасы оған турмысқа шығыўдан бас тартса ямаса жигиттиң қалың мал төлеўге имканияты болмаса, қарақалпақларда қызды урлап кеткен. Қызығы сонда, жақын ўақытқа шекем келинди алып кетиўдиң дәстүрий зәрүр қуралы сыпатында аттың айрықша орны сақланып қалған. мәселен, келин ҳәм күйеў бир қалада жасасада, дәстүрге көре, келинди күйеўдиң үйине алып барыўда ат дәстүрий транспорт есапланған. Х.Есбергеновтың атап көрсетиўинше, келинди ата-анасынан оның ыразылығы менен жасырынша алып кетиў еледе ата-ананың өжерлик пенен оны сүйген адамына турмысқа бериўден бас тартқан тәғдиринде жүз береди. дәстүрий қарақалпақ тойларының барлық басқышларында түптен тәсир көрсеткен ҳәзирги дәўирдиң технологиялық раўажланыўы бул әдетте де өз тәсирин өткереди-ендиликте жасларкелин урлаўда жеңил машинаны абзал көрмекте.

Қарақалпақлар арасында левират ҳәм сорорат дәстүрлери бойынша неке қурыў киби әййемги неке формалары да кең тарқалған. Жесир ҳаял қайтыс болған күйеўиниң инилеринен бирине ямаса ең жақын туўысқанына, жүдә аўыр жағдайда узақ ағайинлерине турмысқа шығыўы керек еди. Бул дәстүр «басын шатыў» деп аталған. Егер күйеўиниң ағайинлери турмыс қурған болса, жесир ҳаял екинши ямаса үшиншиси болып қалады. Орта Азия ҳәм Қазақстан халықлары ортасында левират дәстүри кең тарқалған.

Усы жерде қарақалпақларда неке мәселесинде қалың мал мәселеси тийкарғы орынлардан бирин ийелеўши дәстүрлерден бири есапланады. Қалың мал мәселеси де, қарақалпақ этнограф алымлары тәрепинен де ҳәр тәрепleme изертленген темалар қатарына киреди. Этнограф У.Кусекеев (Кусекеев:72-73) тийкарынан қалың мал есабында берилетуғын 100-80-60-40 туўарлар ҳаққында сөз етип, олардың ишинде ең бас туўары 80 туўар болады. Бас туўар бес жасар ат, кейингиси бес жасар өгиз болады, деп көрсетсе, усы туўар мәселеси бойынша Х.Есбергенов, Т.Атамуратов (Есбергенов, Атамуратов 1975: 62-63), А.Бекмуратовалардың (Бекмуратова 1969:65-66) мийнетлеринде де арнаўлы тоқталып өтиледи. А.Бекмуратова изертлеўлеринде: «Қарақалпақлар арасында қалың малдың көлеми жүдә үлкен болып, 100, 80, 60, 40 «туўар»ға тең болған. Бул жерде «туўар» сөзлери қалың малды пайда етиўши қарамалдың бас санын билдиреди. Соны да айрықша атап өтиў орынлы, қарақалпақлардың түрли қәўим топарларында қалың малдың үлкенлиги неодинамик көринисте еди. Қалың малдың үлкенлиги, тийкарынан турыс қурып атырған келин ҳәм күйеўдиңата-аналарына байланыслы еди. Бай шаңарақлар 100-80 туўар берсе; орта ҳал шаңарақлар 60-50 туўар береди; ал камбағаллар болса 40-10 туўар бериўге келисилетуғын еди. Қалың малдың қурамында ҳәр түрли көринистеги шәрўа маллары, азық-аўқат, үй-рузыгершилик буйымлары берилетуғын ели, бирақ олардың баҳасы бир бас қарамалға айландырылды» (Бекмуратова 1969:65-66),деп көрсетип туўар мәселесине анықлық киритеди.

Қоңсы қазақ халқы изертлеўши З.К.Сураганова изертлеўлеринде қалың мал мәселеси бойынша тоқталып: «Турмыс қурып атырғанлар көплеп саўғалардан тысқары, өз бахалығы бойынша басқа той саўғаларының бахалығынан асып кеткен қалың мал ҳәм сеп алмасылады. Күйеў тәреп келин тәрепти қалың мал менен тәмийнлеўге мәжбүр болса, келин тәреп өз нәўбетинде жаңа турмыс қурғанларға сеп-жасаў бериўге мәжбүр болған»(Сураганова 2009:144), деп көрсетеди.

Усы қалың мал мәселеси, қарақалпақларда кем қаржы болған ағайин-туўысқан арасында өз-ара жәрдем бериў арқалы әмелге асырылған. Этнограф Х.Есбергенов, Т.Атамуратов қалың малдың үлкенлигин есапқа алып: «Қарақалпақларда қалың мал төлеў ҳәм бөлистириў тар шаңарақлық көлемге ийе емес еди: оған пул жыйнаўда күйеўдиң барлық жақын ҳәм узақ туўысқанлары қатнасқан. Бәлким, бул оның үлкенлиги менен байланыслы болғанлығында болыўы мүмкин», деген пикирлерди келтиреди (Есбергенов, Атамуратов 19745: 63).

Жуўмақлап айтқанымызда, этнограф Х.Есбергенов мийнетлеринде шаңарақ ҳәм неке мәселеси ҳәм олар менен байланыслы болған бир нешше үрп-әдет ҳәм дәстүлер мәселесине арнаўлы тоқталып өтеди. Х.Есбергенов тәрепинен дөретилген ҳәр қандай этнографиялық мийнетлери бүгинги күнде XX әсир қарақалпақ этнографиясының классикалық шығармаларына киретуғын бахалы мийнетлерден есапланады.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1.Бекмуратова А. Быт и семья каракалпаков в прошлом и настоящем. Нукус: Каракалпакия, 1969.

2.Есбергенов Х., Атамуратов Т. Традиции и их преобразование в городском быту каракалпаков. Нукус: Каракалпакстан, 1975.

3.Есбергенов Х. Современные формы брака и семьи у каракалпаков // Вестник. Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан. 1983. №1. С.60-65.

4.Кусекеев У. Этнография ККАССР. Турткуль.1934г.// Рукописный фонд. Фундаментальной библиотеки ККО АН РУз., инв. № 932.

5.Косвен М.О. Очерки первобытной культуры. М., 1957. 134-135 бб.

6.Камалова Р. Социально-нравственные аспекты в традиционной свадьбе каракалпаков. //Вестник. Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан. 1996. №2. С.89-94.

7.Сураганова З.К. Обмен дарами в казахской традиционной культуре. Астана: КАМ Медиая-принт, 2009.